

## Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Ale sou sitwèb NYSDOH pou jwenn plis enfòmasyon sou Medical Marijuana Program nan Eta New York.

Si ou gen lòt kesyon, tanpri kontakte Medical Marijuana Program nan NYSDOH:

Medical Marijuana Program  
1-866-811-7957

Adrès Imèl:  
[mmp@health.ny.gov](mailto:mmp@health.ny.gov)

Sitwèb:  
[www.health.ny.gov/regulations/medical\\_marijuana/](http://www.health.ny.gov/regulations/medical_marijuana/)



Department  
of Health

## New York State Medical Marijuana Program:

# Enfòmasyon sou Pasyan



Medical Marijuana Program (Pwogram Mariwana Medikal) nan Eta New York asire mariwana medikal disponib pou pasyan sètifye ki gen pwoblèm medikal grav.

Pwogram nan asire yo fè ak distribiye pwodui mariwana medikal apwouve yo tou nan yon fason ki pwoteje sante ak sekirite piblik la.

## Kimoun ki kalifye pou tretman medikal avèk mariwana?

Lalwa otorize pasyan ki kalifye pou yo itilize mariwana medikal si doktè dekouvri yo gen yon sèten pwoblèm medikal grav, k ap fè yo vin entatad oswa ki menase lavi yo epi ki akonpaye avèk yon pwoblèm medikal asosye oswa ki konplike, tankou:

- Kansè
- VIH/SIDA
- Esklewoz lateral amyotwofik (Amyotrophic lateral sclerosis, ALS)
- Maladi Parkinson
- Esklewoz miltip
- Chòk nan nè mwal epinyè ki gen fib para-senpatik
- Epilepsi
- Maladi entestinal enflamatwa
- Newopati
- Maladi Huntington

Men maladi ki asosye yo oswa ki konplike yo: kacheksi oswa sendwòm deperisman, doule grav oswa kwonik, kèplen grav, malkadi oswa lakranp miskilè ki grav oswa ki pa sispann.

## Kisa frè a ye?

- Yon frè aplikasyon pou enskripsyon nan New York State Department of Health (NYSDOH) ki se \$50.00 dola.
- Frè pou peye pou Pwodui Mariwana Medikal – Nou peye frè pwodui a dirèkteman ba òganizasyon ki anrejistre a chak fwa pasyan ki anrejistre a oswa moun k ap pran swen li achte mariwana medikal. Tout pasyan ki kalifye yo responsab pou peye frè sa a. Konpayi asirans yo pa gen obligasyon pou garanti mariwana medikal.

## Kisa pwosesis pou resevwa mariwana medikal ye?

### 1. Pale avèk Pwofesyonèl Swen Sante ou

Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou pou wè si mariwana medikal ta ka ede ou. Pwofesyonèl swen sante ou dwe sètifye ou pou itilize mariwana medikal.

- Pwofesyonèl swen sante ou ka deside si mariwana medikal bon pou pwoblèm medikal admisib ou. Si se sa, pwofesyonèl swen sante ou ap ba ou yon fòm sètifika ki siyen. Ou bezwen fòm sa a anvan ou kapab aplike pou yon kat ID anrejistreman.
- Si pwofesyonèl swen sante ou pa anrejistre avèk NYSDOH pou sètifye ou kòm yon pasyan, li ka ba ou non yon lòt pwofesyonèl swen sante ki anrejistre.

**\*Pwofesyonèl swen sante yo:** Ou dwe anrejistre avèk NYSDOH pou ou kapab sètifye pasyan yo pou medical marijuana program. Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou anrejistre: [https://www.health.ny.gov/regulations/medical\\_marijuana/practitioner/](https://www.health.ny.gov/regulations/medical_marijuana/practitioner/)

### 2. Aplike pou Kat ID Rejis la

Lè ou siyen yon fòm sètifikasyon nan klinik pwofesyonèl swen sante ou, w ap prepare pou anrejistre sou entènèt.

- Ale sou sitwèb <https://MY.NY.gov>, klike sou ikòn “Health Applications” (Aplikasyon pou Sante), epi answit klike sou lyen “Medical Marijuana Data Management System” (Sistèm Jesyon Done Mariwana Medikal) pou anrejistre. Si ou pa gen yon kont nan sitwèb NY.gov, w ap bezwen ale sou sitwèb <https://MY.NY.gov> epi klike sou bouton “Don’t have an Account?” (Ou pa gen yon Kont?) pou kreye yon kont pèsònèl sou sitwèb NY.gov anvan.
- Pou anrejistre, ou dwe bay enfòmasyon ki endike anba la yo:
  - Nimewo sètifikasyon nan kwen dwat anlè fòm sètifikasyon pwofesyonèl swen sante ou te ba ou.
  - Prèv idantite ak adrès ou nan Eta New York. Ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan prèv ki akseptab yo sou sitwèb [https://www.health.ny.gov/regulations/medical\\_marijuana/patients/registration\\_prerequisites.htm](https://www.health.ny.gov/regulations/medical_marijuana/patients/registration_prerequisites.htm).
  - Si ou se paran oswa responsab legal yon pasyan ki poko gen laj 18 tan, ou dwe soumèt yon kopi ID gouvènman bay ak yon kopi batistè pasyan an.
- Pandan pwosesis anrejistreman an, ou ka chwazi de (2) moun ki pou pran swen ou, ki kapab resevwa mariwana medikal sou non ou. Moun k ap pran swen ou yo dwe anrejistre tou, apre anrejistreman ou apwouve, avèk NYSDOH sou sitwèb <https://MY.NY.gov> (gade anlè a).
- Si nou apwouve anrejistreman ou, NYSDOH ap anrejistre kat ID ou. Si nou bezwen plis enfòmasyon, NYSDOH ap kontakte ou.

### 3. Ale nan yon Sant Distribisyon Mariwana Medikal

Lè ou gen kat ID rejis ou, w ap kapab ale nan yon sant distribisyon òganizasyon ki anrejistre pou achte mariwana medikal pwofesyonèl swen sante ou te rekòmande pou ou.

- Pote fòm sètifikasyon ou ak kat ID rejis ou.
- Ou kapab jwenn yon lis adrès sant distribisyon ak lyen ki mennen nan òganizasyon anrejistre sou sitwèb: [https://www.health.ny.gov/regulations/medical\\_marijuana/application/selected\\_applicants.htm](https://www.health.ny.gov/regulations/medical_marijuana/application/selected_applicants.htm). Ale sou sitwèb chak òganizasyon anrejistre pou jwenn detay sou lè fonksyonman yo ak enfòmasyon pou kontakte yo.